

BAB II

GEGARAN TEORI

Teori kangge wedar Ekokritik sipatipun multidisiplin. Ekokritik kawedar kanthi kalih ngelmu, inggih menika ngelmu sastra saha ngelmu ekologi. Wondene teori sastra ugi kalebet ngelmu ingkang multidisiliner (Teeuww, 1984: 213). Ing panaliten menika ngelmu sastra dipunturut saking ngelmu mimetik. Ngelmu mimetic gadhah pamanggih bilih kasusastran menik cerak gayutanipun kaliyan kasunyatan (Wiyatmi. 2009: 17). Sanesipun ngelmu sastra, panaliten menika ugi badhe kawedar migunakaaken ngelmu ekokritik. Ngelmu ekikritik ingkang badhe dipunginakaken inggih menika *Triade Taine*. *Triade Taine* inggih menika ngelmu ekokritik ingkang ngrembag babagan ras, momen saha mitieu ingkang ngandharaken kadospundi proses pangriptaning bab kanthi factor sosial, iklim, saha biologis (Wellek saha Warren, 1989: 126-127). Kejawi ngelmu kasebut, jumbuh kaliyan andharanipun Croall saha Rankin (1997: 1261) bilih medar ekokrtik sastra ugi migunakaken ngelmu alam, sosial, saha filsafat. Ananginhg saday ngelmu kasbeut katujokaken dening satunggaling bab ngelmu makhluk hidup.

A. Gegaran Teori

1. Hakikat Sastra

Miturut etimologi tembungipun basa sansekerta menika asilipun saking tembung sas kaliyan tra. Tembung sas gadhah teges *mengarahkan*,

mengajar, memberi petunjuk utawi memberi informasi. Tra gadhah teges alat utawi sarana. Dadosipun sastra inggih menika piranti kangge ngandharaken piwulang, buku petunjuk, buku intruksi utawi piwulangan.

Miturut Semi (1988: 8) sastra inggih menika *kristalisasi* kapitadosan, nilai-nilai, kaliyan norma-norma ingkang dipunsepakati masyarakat ingkang kedadosan saking jaman rumiyin. Menawi wonten ing salebeting buku Escarpit ingkang dados pokoking sastra inggih menika buku, boten namung gagasan utawi pandhangan manungsa kadospundi saha kadosmenapa sastra menika.

Miturut Ratna (2003: 1) sastra menika saking akar tembung “sas” saking Basa Sansekerta ingkang ngemu teges mulang, maringi pitedah utawi tatacara. Kaliyan pungkasan tra ingkang gadhah maksud piranti utawi sarana. Saengga sastra inggih menika kempalan piranti ingkang dipun-ginakaken kangge mulang, buku pitedah utawi buku piwulang ingkang sae. Kasusastran inggih menika kempalan kasil karya ingkang sae.

2. Ekokritik Sastra

Ekokritik sastra kagolong nglemu ingkang enggal ing panaliten sastra. Kritik sastra ugi dipuntepang kanthi tetembungan ekokritik. Wondene saderengipun kathah ingkang nepang kajian menika. Bab menika ugi dipunaakui dening Soemarwoto (2004: 1-2), paraga kasebut ugi ingkang ndhasari ngelmu bab ekokritik sastra. Piyambakipun kasebut layak kasebut bapak ekokrtik sastra. Ekokritik sastra dipundadosaken minangka pondasi kritik sastra. Kritik sastra maringi pambiji dhateng evaluasi sastra. Philips

(2003: 1) ngandharaken bilih ekokritik sastra saha ekologi sastra mangaribawani dhateng ijemipun alam ing donya. Panganggit asring nggayutaken antawisipun sastra dhateng alam (Osman, 2014: 267). Wondene kritikus maringi pambiji kanthi kritis. Garrad ngandharaken bilih tatacaranipun ekokritik sastra modern saking taun 1960-an (2004: 3). Wondene kritik-kritik sanesipun, kadosta kritik poliyik ing salebetipun karya sastra kadosta Marxisme, feminism, saha postkolonialisme, ugi gadhah sujarah minangka gerakan sosial ing wekdal kasebut. Nalika samanten, kritik sastra alam, sosial, saha budaya wiwit ngrembaka (Ioana, 2013: 112). Salajengipun asring dipunsebut ekokritik sastra.

Sawatawis pakar gadhha pamanggih bilih ekokritik sastra menika gayutanipun kaliyan basa, budaya, lan masarakat. Bab-bab kasebut wonten gayutanipun kaliyan alam saha manungsa. Bab-bab kasebut ugi mangaribawani wontenipun gayutanipun antawisipun sosial saha kawontenanipun bumi. Ekokritik sastra ugi asring mangaribawani pamanggihipun pangripta asastra. Kanthi menika, mesthi kemawon wonten prakawis antawisipun pangripta sastra dhateng sastra ingkang dipunripta. Ekokritik sastra asring wonten gayutanipun antawisipun karya-karya alit. Anggenipun ngawontenake analisis kedah dipunwaos kanthi temenan kritik-kritik ingkang wonten ing salebetipun waosan (Rezaei, 2013: 1910).

Ekokritikisme inggih menika satunggaling ngelmu enggal ing sastra. Kathah ingkang taksih boten yakin dhateng wontenipun ekokritik sastra. Ekokritik sastra inggih menika satunggalipun kupiya kangge nguwaosi budaya

sae wujudipun lesan utawi seratan. Kawigegan kangge nguwaosi artefak budaya kanthi pamanggih ekologi menika ngrembaka nalika Greg Garrad (2004: 3) wiwit nepangaken lumantar seratan-seratan wonten ing seminar sastra. Ekokritik inggih menik satunggaling kajian ingkang medar wosing sastra kanthi pamanggih utawi *perspektif* alam wonten ing masarakat. Kajian menika pitados bilih wontenipun prakawis ing lingkungan menika sanes saking prakawis teknis, ilmiah, saha politik kemawon. Ananging ugi saking prakawis budaya ingkang wonten gayutanipun kaliyan fenomena sastra. Kupuja kangge medar sastra saking aspek lingkungan kanthi ilmiah kritis nyebabaken disiplin ilmu ingkang enggal. Ngelmu kasebut salajengipun dipunsebut ekokritik sastra. Padatan ingkang asring lumampah wonten ing ekokritik sastra inggih ngandharaken fenomena kultural, iklim, pangewahan lingkungan ing salebetipun sastra.

Pangewahanipun mangsa, budaya saha lingkungan sarta prakawis moral ingkang kompleks asring kawrat ing salbetipun teks, bab menika ingkang nyebabaken pengkaji ekokritik sastra tambah greget anggenipun ngaji teks. Satemah ndamel greget kangge pengkaji sastra kangge medaraken teks-teks drama, film saha novel ingkang medar kajian-kajian enggal bab ekokritik sastra. Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Porter. Porter ngandharaken bilih menika saged andadosaken celakipun budaya panyerat kaliyan budaya sakiwa-tengenipun sastra dipundamel (Porter, 2019: 242).

Wontenipun ekokritik sastra menika minangka satunggaling pangrembakanipun sastra. Patrick Murphy (lumantar Estok, 2001: 229) ing

taun 1999 ngandharaken bilin saben sastra kedah dipuntujokaken dhateng ekokritik saha sanesipun. Satunggalipun cara kasebut inggih menika kanthi nggayutaken antawisipun sastra saha donya (lingkungan). Sastrawan saha kritikus dereng ngraos sami mbetahaken. Kanthi wontenipun ekokritik sastra, saged mbikak wawasan bilih wontenipun kritikus menika wigatos.

Ekokritik nduweni paradigma dhasar sing saben obyek bisa ditemokake ing jaringan ekologis, lan ekologi bisa digunakake minangka èlmu penolong ing pendekatan kasebut (Harsono, 2008: 33). Tembung Ekokritik (Ecocriticism) digawé dening William Rueckert ing esai "sastra lan ekologi" (Juliasih, 2012: 83). Definisi ekokritik banget jembar. Miturut Garrard (liwat Juliasih, 2012: 83), Ekokritik nyakup studi hubungan antara manungsa lan non-manungsa, sajarah manungsa lan budaya sing ana hubungane karo analisis kritis manungsa lan lingkungan. Jonathan Bate (via Juliasih, 2012: 87) nyimpulake Ecocriticism ngandika babagan kesadaran lingkungan ing karya sastra. Analisis antuk disiplin minangka interdisipliner sing nyakup ilmu liya, yaiku sastra, budaya, filsafat, sosiologi, psikologi, sejarah lingkungan politik lan ekonomi, lan pasinaon agama (Juliasih, 2012: 87). Kritik sastra sing isin Ekologi iki nduweni tujuan kanggo menehi katrangan liwat pendekatan ekologis kanggo rampungake masalah ekologi ing sastra. Arne Naess (liwat Keraf, 2010: 2-4) nyatakake yen karusakan alam lingkungan benerperspektif filsafat utawa manungsa babagan awake dhewe, lingkungan utawa alam, lan Panggonan ing ekosistem sakabèhé. Ekokritik fokus ing penelitian babagan hubungan budaya lan manungsa lan lingkungan alam. Manungsa dianggep

minangka makhluk sing nduweni hak ing pamrih bumi. Eksploitasi bumi ora bakal rusak, nyebabake karusakan lan ketidakstabilan ékosistem. Minangka makhluk sing mikir, manungsa terus-terusan nggunakke tanah, sumber daya alam tanpa gegayutan karo akibat sing bisakedadeyan. Kanggo marga lan jeneng kasebut uga, manungsa ndhelikakeNya kasatan ing ngilangi kekayaan alam (Nur Seha liwat Setijowati, 2010: 46). Ginting (2012: 3) nerangake yen ditinjau saka segi lingkungan, budaya iku owah-owahan lingkungan alam dadi lingkungan manungsa (manungsadigawe lingkungan). Budaya ngganti lingkungan, malih budaya modern kanthi teknologi sing gumantung marang sumber daya alam. Banjur ana pitakonan, ing babagan pangembangan lingkungan manusiawi, yaiku budaya, manungsa luwih nyempurnakake lingkungan utawa malah ngrusak. Ekologi nyinau kabeh sing nganggo ilmu, sing njunjung tema timbangan.

Rasional kanggo nggunakake riset sastra swara (ekokritik) minangka upaya kanggo mangerteni hubungan manungsa karo lingkungan, lingkungan lan manungsa liyane. Miturut Harsono (2008: 35), teori ekokritis minangka multidisipliner, ing satunggaling papan ingkang migunakaken teori sastra lan sanesipun ingkang migunakaken téori ékologis. Teori sastra iku téori multidisipliner uga téori ékologis. Teori sastra duweni asumsi dhasar yen sastra ana hubungane karo realita. Hubungan iki nggawe karya sastra minangka wujud kritik sosial sing bisa digunakake minangka obyek penelitian. Uga ecocritical, liwat pendekatan ekologis, téori sastra berkembang lan ningkataké ékokrasi.

Sastra minangka karya riset, metode lan teori minangka cara kanggo riset, berkembang bebarengan ing kahanan pelengkap (Ratna, 2009: 15). Nanging, utamané babagan proses lair, teori lan metode tansah dilakoni sawise karya sastra digawé minangka objek. Ekocritik nduweni tujuan sinau: sastra, seni, budaya lan liya-liyane (Harsono, 2008: 36). Inti saka kritik babagan sastra kasebut kanthi tema-tema sing ningkatake masalah lingkungan yaiku ekocritika nyatakake babagan kesadaran lingkungan. Ekocritik njupuk peran ékologi ing panlitèn karya sastra liwat metode kritik sastra. Ekocritik bisa dadi alat kanggo mangerteni interaksi manungsa lan sesambungan karo lingkungan lan budaya.

Kanthi katergantungan liya ing makhluk liyane, urip bebarengan kanggo mujudake ekologi sing harmonis lan seimbang dadi ilmu sing saiki berkembang. Masalah lingkungan mbutuhake analisis ilmiah babagan budaya amarga masalah iku akibat interaksi antara pangetahuan ekologis lan owah-owahan budaya (Juliasih, 2012: 87).

3. Objek Kajian Ekocritik Sastra

Objek kajian ekocritik sastra menika temtunipun boten wiyar, tegesipun inggih karya ingkang wonten gayutanipun kaliyan ekologi. Objek kajian ekocritik sastra temtunipun kedah dipunpilih saha pilih, boten saged asal mendhet asilipun karya sastra. Ingkang kedah dipunemut inggih menika bilih ekocritik sastra inggih ngandharaken pamanggih ingkang nglelimbngaken antawisipun lingkungan wonten ing salebetipun sastra.

Alam menika tansah rumaket kaliyan manungsa. Sastra saha alam mbetahaken kasalarasan supados manungsa saged gesang kanthi sekeca. Nalika kasalarasan menika wonten ingkang ngosik, alam ugi saged mawut, kawontenanipun manungsa ugi boten tentrem. Ing kahanan menika sastra saged medaraken kanthi sae (Lahajir, 2002: 48). Bab menika saged katitik saking gayutanipun sastrawan ing alam ingkang anglem.

Saking jaman rumiyin dumugi wekdal samenika, para pangripta, dramawan, saga fiksionis (cerpenis saha novelis) samoun nggambaraken kawontenanipun alam menika kanthi cara-cara ingkang beda ing salebetipun karya ingkang dipunserat. Kajian bab ekokritik sastra, samenika sampun lumebet ing bab mistik, didaktik, saha filosofis puisi alam. Pendekatan panaliten dipunbetahaken kangge ngudari karya-karya kasebut, mila dipunudari kanthi perspektif ekokritik sastra.

4. Pangrembakanipun Ekokritik Sastra

Pangrembakanipun ekokritik sastra saged dipunpirsani saking taun 1996. Glotfelly saha Fromm (1996: 1-2) ngandharaken bilih ekokritik sastra menika katujokaken dhateng pamaos sastra. Pamaos temtunipun ingkang nemtokaken makna saking cariyos ing salebetipun sastra. Wawan pirembagan antawisipun sastrawan saha pamaos ngengingi wosing piwulang saha pamaos saged gayut ginayutan. Pamaos inggih menika satunggalipun paraga ingkang kedah dipunlelimbngaken kangge ngaji

ekokritik sastra. Prasasat gayutan antawisipun sastra saha lingkungan alam ugi kedah dipungayutaken kaliyan pamaos (Shabecoff, 200: 48).

Ekologi sastra inggih menika satunggaling ngelmu ingkang ngewrat babgan pammais saha panyerat kanthi pangaribawa antawisipun alam saha manungsa. Alam ingkang dipunmaksud inggih menika donya utawi kawontenan ing bumi. Bumi ingkang dipunmaksud inggih menika bumi ingkang kawontenanipun tentrem (Agirnasligil, 2019: 144). Bumi ingkang saged samya sumadhulur antawisipun setunggal lan setunggalipun. Kanthi kawontenan bumi ingkang ijem menika, ekokritik saged ngrembag kanthi pitakenan-pitakenan kados makaten: (1) kadospundi alam dipunandharaken ing salebetipun karya sastra?, (2) kadospundi peran ekologis ingkang saged mangaribawani aluripun novel?, (3) menapa nilai ingkang dipunandharaken ing salebetipun novel saged mangaribawi kawontenanipun alam ing kasunyatan?, (4) kadospundi makna metafora sastra ingkang wonten gayutanipun kaliyan tanah? (5) kadospundi saged nitiki alam kangge genre, (6) kajawi ras, kelas, saha *gender* kedah mapanaken kritis sastra enggal ing ekologi sastra?, (7) menapa kakung saha estri anggenipu nyerat baba lam menika beda? (8) kanthi cara menapa tiyang nyerat bab alam?, (9) kadospundi caranipun gahdha konsep sastra alam kanthi ajeg?, (10) kanthi cara menapa saged kritis dhateng lingkungan ingkang wonten gayutanipun antawis sastra kontemporer saha budaya populer?


Kanthi menika, bidang ekonomi saha budaya inggih kalih prakawis ingkang saged nyengkuyung pikiran kangge nglestantunaken lingkungan. Pramila, saged dipunwastani bilih sastra hijau saged dipunginakaken minangka sarana kangge nglestantunaken ijemipun lingkungan kangge dumugi udara ingkang resik.

5. Panganggenipun Ekokritik Sastra ing Salebetipun Novel

Novel inggih menika fiksi ingkang kathah nggambaraken bab lingkungan. Boten wonten novel ingkang boten gahdha gayutan antawisipun lingkungan. Sinaosa novel ingkang asipat *absurd* ugi wonten gayutanipun kaliyan lingkungan (Ekegren, 1998: 233). Awit saking menika, ekokritiksastra inggih satunggaling ngelmu ingkang paling trep kangge ngudari bab kawontenanipun alam ing salebetipun novel. Quick (2004: 1) ngandharaken bilih ekokritik sastra inggih menika ngelmu ingkang dipunginakaken kangge ngandhaken lingkungan ingkang jumbuh kanthi ekologis. Bab menika saged dipuntegesi bilih, pengkritik utawi panaliti ekokritik sastra kedah saged nggayutaken antawisipun prakawis ing alam saha manungsa (Petitjean, 2019: 3).

Objek kajian ekokritik inggih menika awujud sastra, seni, budaya, lan sanesipun. Ing panaliten menika objek ekokritik ingkang badhe kawedar inggih menika kasusastran ingkang ngenut paradigm nature-nurture-culture (Caprotti, 2014: 13). Ing salaebetipun pamanggih kasebut kasusastra dipunginakaken

minangka wujudipun *ekosfer* ingkang saged dipunbabar bab gegayutanipun alam, budaya saga pangayomanipun. Kanthi cekak saged kagambaraken kados wonten ing ngandhap menika.



Gambar 1. Paradigma nature-nurture-culture ing Ekokritik Sastra

Adhedhasar gambar ing nginggil saged dipunwastani bilih wonten gegayutan antawisipun alam, pangayomipun alam, saha budaya. Kanthi paradig kasebut, kajian ekokritik saged dipnwedhar langkung lebet. Adhedhasar pamanggih kasebut, panaliten menika naliti ngengingi paradig lingkungan ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda.

6. Sosiologi Sastra

Sosiologi inggih menika satunggaling ngelmu ingkang ingkang ngewrat struktur sosial, proses sosial, kalebet ewah-ewahan sosial saha prakawis sosial (Soekanta, 2017: 3). Salahengipun Soekatna (2017: 346) ngandharaken bilih sosiologi inggih menika ngelmu ingkang nyinaoni bab ewah-ewahan sosial, kajawi menika ugi ngewrat bab prakawis sosial. Amargi prakawis kasebut wonten perangan perilaku sosialipun. Dados saged dipunwastani bilih sosiologi menika prakawis sosial kadosta

kahaman kulawarga, prakawisipun kadang wiranem, ewah-ewahanipun norma ingkang lumampah ing masarakat.

Teori sosial sosiologi sastra kalebet sekawan (1) sosiologi lan sastra, (2) teori sosial babagan sastra kangge madosi latar sosial ingkang nyababaken karya sastra, (3) literature saha strukturalisme, sasha (4) prakawis cara. Wellek saha Werren (lumantar Faruk, 2005: 5) ngandharaken bilih wonten tigang pendekatan ing sosiologi sastra. Tigang pendekatan aksebut inggih menika sosiologi ingkang mnagaribawani panyerat, ideologi sosial saha sanesipun nangan panyerat minangka produser sastra; Sosiologi sastra ingkang nemtokaken karya sastra kasebut piyambak; saha sosiologi sastra ingkang nemtokaken maos lan pangaribawanipun prakawis sosial.

Wolff (lumantar Faruk, 2005: 4) ngandharaken bilih sosiologi seni lan sastra menika satungga;ing disiplin ngemu non formal ingkang dipuntetapaken kanthi tumata. Kajawi menika, Sapardi ugi ngandharaken (lumantar Faruk, 2005: 5) ugi ngandharaken tigang jinisipun pendekatan. Sepisan, konteks sosial panyerat. Menika gayutanipun kalihan mapanipun sosial sastra ing masarakat saha gegayutanipun kaliyan pamaos. Ing prinsip menika, ugi kalebet faktor sosial ingkang saged nimbulaken pengarang minangka indivisu ing salabetipun wosipun sastra. Kaping kalih, sastra minangka pangilonipun masarakat. Inggang wigati inggih menika: (a) menawi sastra nggambaraken masarakat nalika karya sastra

dipunserat; (b) terkadang sipat pribadhinipun panganggit saged ndadosaken gambar masarakat ingkang kepingin ngirimaken; (c) kadhangkala genre sastra ingkang dipunginakaken dening panyerat saged dipunanggep minangka wakli sadaya masarakat. Kaping tiga, fungsi sosial sastra. Wonten ing gayutanipun masarakat wonten tigang prakawis ingkang dados kaprihatosan; (a) kadhangkala literatur saged dipunginalaen minangka panggantos kangge masarakat, (b) kadhangkala sastra namung dipunginakaken minangka sarana panglipur; saha (c) menawi sintesis wonten ingkang antawisipun kemungkinan.

Sanesipun, Ratna (2004: 33) ngandharaken bilih sosiologi sastra minangka analisis karya sastra minangka panglipuripun masarakat. Menapa ingkang dipunsukakaken ing karya sastra dipunanggep nggambaraken utawi nggambaraken kasunyatan ingkang wonten ing masarakat. Penjelasan menika nedahaken bilih fungsi karya sastra minangka refleksi saking kasunyatanipun ingkang wonten ing masarakat nalika karya sastra kasebut dipunripta. Fokus sosiologi sastra wonten ing wosipun karya sastra saha prakawis sanesipun ingkang mujudaken sastra kasebut piyambak lan gayutanipun kaliyan prakawis sosial.

Analisis sosiologi sastra boten saged dipunpisahaken kaliyan analisis struktural, menika inggih amargi ing wosipun karya sastra minangka perangan ingkang ngemu teges. Miturut Hawkes (lumantar Pradopo, 2011: 108) supados saged dipunmangertosi kanthi leres,

satunggaling karya sastra kedah dipunmangertosi kanthi unsur-unsur konstituen lan gayutanipun ingkang sami kaliyan sadayanipun.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih pendekatan sosiaologi sastra padatanipun dipunwiwiti saking kalih fulcrums. Inggih menika ngandharaken bilih teks sastra minangka subjek saking karya analitik ingkang ngewrat pemahaman struktur. Menika bab ingkang dipunginakaken kangge mangertosi katrampilan sosial ing literatur ingkang badhe dipuntaliti. Inggih menika pamanggih menawi sastra minangka saking proses interaksi sosial.

Karya sastra ngewrat gagasan ingkang saged dipunginakaken kangge nemtokaken sikap sosial tartamtu utawi malah saged andadosaken acara sosial tartamtu. Menika saged dipunmangertosi wosipun piwulang ingkang dipunsimpen ing salebetipun karya sastra.. Karya ing bab menika ngandharaken bilih panaliten bab sosiologi sastra menika kalebet panaliten ingkang wigatos. Pendekatan sosiologi sastra saged nyengkuyung gayutanipun panyerat kaliyan pamaosipun sastra ing masarakat minangka pamaos. Bab menika ginanipun inggih supadis piwulang ing salebetipun karya sastra menika saged dumugi ing pamaos. Cara ingkang saged dipunginakaken ing sosiologi sastra inggih menika analisis teks ingkang badhe langkung lebet ngrembag babagan fenomena sosial ingkang wonten ing sawawonipun karya sastra (Damono, 1979: 2-3). Damono (1979: 6)

langkung lebet ngandharaken bilih sosiologi minangka kajian objektif saha ilmiahipun manungsa, ugi saged kawastanan satunggalioun setudi ilmiah ingkang ngermbag babagan lembaga saha proses sosial. Pamanggih kasebut ngandharaken bilih sosiologi menika ngelmu saking masarakat lan ingkang dados objekipun inggih manungsa.

F. Kritik Sosial

Kritikan saged ugi dipuntegesi 'pengadilan', lajeng ing tembung padatanipun dipunwastani pamrih tetembungan, Sanajan tembung kasebut dipunginakaken minangka teges ingkang langkung wiyar (Hudson through Pradopo, 2003: 10). Kritik kasebut minangka paukuman, saged ugi gayutanipun kaliyan kritik sosial.

Kritik sosial minangka satunggaling wujud komunikasi ingmasarakay ingkang ngarahaken kontrol sistem soial utawi proses masarakat (Abar, 1999: 47). Paugeran sosial sejatosipun wonten ingkang positif amargi nyengkuyung saking masarakat kangge ngasilaken [augaran ingkang kaanggep wajar saha saged dipunsupeketi sesarengan (Mahfud, 1999: 71).

Dene, Wilson (lumantar Tarigan, 1984: 210) ngandharaken bilih kritik sosial minangka pambiji bab lelimbangan sadaya bab masarakat. Sadaya ingkan awujud norma, etika, moral, budaya, politik saha apresiasi sosial sanesipun. Saking andharan kasebut, saged dipunwastani bilih kritik sosial saged dipunmahyakaken minangka wujud panyimpenan saking

prakawis-prakawis wonten ing masarakat, lajeng dipuntegesi minangka prakawis ingkang kedah dipuntindhakake.

Kritik sosial dados sarananing kangge nggayutaken gagasan anyar kanthi analisa gagasan-gagasan lawas, kangge ngewahi sosial. Kritik sosial ing cengkorongan kasebut minangka sarana konservatif wonten ing masarakat kangge ngewahi sosial (Abar, 1999: 48-49).

Wonten ing donya sastra, kritik dipunadaptasi saking sisi realitas ingkang nuwuhaken miyosipun karya sastra ing masarakat (Li, 2018: 15). Seje kasuyantanipun ingkang ndayani miyosipun sastra inggih menika kahanan sosial ingkang dipunanggep boten sae utawi boten jumbuh kaliyan norma ingkang boten dipunsupeketi.

Damono (2002: 25) ngandharaken bilih kritik sosial ing sastra menika boten namung ngrambag babagan gayutanipun antawisipun tiyang andhap kaliyan tiyang sugih, mlarat saha sugih, kalebet sadaya prakawis sosial ing masarakat. Soelaiman (1995: 6) nyariyosaken bilih prakawis sosial ingkang wonten ing masarakat. Prakawis kasebut saged dipunwujudaken minangka prakawis sosial saha budaya, prakawis politik, prakawis ekonomi, prakawis agama, saha prakawis moral. Saking penjelasan kasebut saged dipunpendhet dudutan ingkang kritik sosial wonten ing karya sastra saged dados kritik ing prakawis sosial ing gesangipun rakyat ing bidang politik, ekonomi, budaya, agama, saha moral.

Darma (1995: 113) ngandharaken bilih karya sastra gadhah kalodhangan langkung kathah tinimbang karya seni sanesipun. Sastra saged ugi damel komunikasi langsung dhateng pamaos. Kajawi menika, sastra gadhah fasilitas lamhukung kathah kangge mindah batosipun pamaos, inggih menika raos simpati saha raos pangraosing ing salebetipun karya sastra.

Ing babagan sosial. Manungsa boten saged ngliwati interaksi antawisipun setunggal lan sanesipun. Interaksi sosial ingkang taksih wonten, boten badhe nyababaken prakawis sosial. Prakawis sosial mbetahaken kritik sosial supaya saged dipungantos kaliyan menapa ingkang kedah dipuntindakaken. Kanthi sastra, saged ndayani ekspresi sosial wonten ing masarakat. Pramila, panyerat anggadhahi maneka warni cara kangge ngandharaken kritik.

Nurgiyantoro (2005: 335-340) ngandharaken bilih kangge ngandharaken kritik wonten ing sastra menika saged kasusun saking pengiriman langsung saha pengiriman boten langsung. Wondene andharanipun inggih menika menawi pengiriman langsung pesenipun dipunlebetaken wonten ing salebetipun cariyos.

7. Kritik Sosial ing Salabetipun Karya Sastra

Panyerat manggen ing kahanan sosial tartamtu ingkang badhe mangaribawani karya sastra. Wontenipun panyerat sosiologis ing masarakat badhe mbentuk paradigm pemikiran panyerat supados saged

ngetrapaken saben pakaryanipun ingkang dipundamel. Pamikiran menika gadhahi teges proses kangge mungkasani duginipun rampungipun karya sastra. Miturut Saini (1994: 1-2) wonten kalih unsur ingkang kedah dipunandharaken. Unsur kasebut saged kawastan kreativitas. Unsur ingkang sepisan inggih menika kesadharan manungsa, inggih menika sensitivitas pamikiran, perasaan, lan kepinginan. Unsur sanesipun inggih unusr realita, inggih menika rangsangan, sentuham, saha prakawis ingkang dayani kasadharaning manungsa (Dwidjoseputro, 1991: 98).

Ing konfrontasi karo kasunyatan, kesadaran manungsa saged mendhet kalih pilihan, inggih menika kangge nolak utawi nampi kasunyatan kasebut. Nolak kasunyatan tegesipun ngangap, nyalahaken utawi ngutuk. Sawetawis arah kasebut wonten ing jangkauan tumindak protes utawi kritik. Esten (2000: 10) ngandharaken menawi pembocoran kreatifitas inggih menika raos ingkang minangka ukara saking batosipun panyerat nurani masarakat ingkang wonten sikap, visi, cita-cita. Esten langkung nyatakaken menawi pangertosan hak cipta minangka kritik saking fakta ingkang dipuntrapaken. Saking ukara saderengipun, saged dipunpendhet dudutanipun bilih menawi badhe mulangh sastra padatanipun migunakaken kritik pengarang ing babagan nyata. Saini (1994: 3-4) ngandharaken bilih menawi wonten maneka warni jinis kritiki ing sastra gayut kaliyan kasunyatan ingkang mangaribawani piyambakipun. Tuladhanipun, pengalaman pahit babagan gayutanipun antawisipun pribadhi beda-beda ndamel kathahing karya sastra ingkang

sae ing maneka warni kritik sosial. Kalebet kritik, inggih menika kritik pribadhi. Ananging, ing panaliten menika, ruang kritik dipunwatesi kritik sosial ing salebetipun karya sastra. Lingkungan sosial langkung kathah, kadosta sesambutan antawisipun kelompok ing komunitas utawi antawis negara, ugi saged mujudaken kritik. Kritik ingkang nyamaptakaken gegayutan antawisipun kelompok (Aronowitz lan Giroux, 1997: 128).

Panyerat nyamaptakaken karya-karya sastra anggadhahi hak kangge ngidinaken kamardikanipun masarakat, ananging masarakat ugi gadhahi pawadan kangge nyinaoni raos tanggung jawab sosial saking panyerat (Damono, 2002: 54). Tegesipun tanggel ajwab minangka raos kritik utawi proses, boten ndamel khayalan, ananging kangge numpes. Ananging sastra, kanthi teges utawi kanthi implisit, minangka pambiji kritik saking jamanipun (Damono, 2002: 54).

Nurgiyantoro (1995: 331) ngandharaken menawi sastra kalebet pesen kritik saged dipuntegesi kritik sastra. Kritik sastra menika dipunwiyosaken ing masarakat. Panyerat ketingal minangka ingkang mbela kaleresan saha kaadilan utawi kualitas kamulyaning manungsa. Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih kritik menika satunggaling kritik tumrap prakawis ingkang lumampah ing masarakat (Faruk, 2006: 28). Kritik sasytra boten saged dipunpisahaken saking praakwis sosial dumados ing sistem komunitas, ingkang kebet ing cariyosipun karya sastra (Faruk, 2006: 28). Kritik sastra boten saged dipunpisahaken saking prakawisipun sosial ing masarakat kasebut,

supados prakawis sosial saged dipunlebetaken ing karya sastra minangka kritik sosial ingkang dipunserat dening panyerat.

Wonten maneka warni cara ingkang panyerat ginakaken kangge ngritik. Minangka saderengipun dipunpirsani, kritik ingkang dipunandharaken dening panyerat ingkang tansah anggadhahi panggenan ingkang wiyar wonten ing karya ingkang dipundamel. Pramila, panyerat anggadhahi maneka warni gaya kangge ngandharaken kritik.

Nurgiyantoro (2000: 335-340) ngandharaken bilih asilipun kritik kasusun saking pengiriman langsung saha boten langsung. Andharan langsung inggih menika andharan ingkang dipunandharaken kanthi langsung saha tegas. Menawi, andharanipun boten langsung inggih menika andharan ingkang dipunlebetaken ing cariyos, saha sipungayutaken kaliyan unsur-unsur sanesipun.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten ingkang dipuntinsakaken dening Detie Asmawati. Piyambakipun nyerat panaliten kanthi irah-irahan "Karakterisasi lan Latar Belakang Sosial Budaya Dayak ing Korrie Layun Rampan Bunga Karya Novel". Panliten iki nggambarake karakter tokoh utama ing novel Bunga. Kajaba iku, panliten iki uga nerangake latar mburine sosial budaya dayak lan hubungane antarane karakterisasi tokoh utama lan budaya Dayak ing novel Bunga.

Panaliten ingkang jumbuh lajengipun inggih panaliten ingkang dipuntindakaken dening Arif Hidayah saka Universitas Padjadjaran taun 2012

sinau novel Korrie kanthi studi strukturalisme liwat alat psikologi Behavior Skinner kanthi judhul "Pengaruh Lingkungan ing Kula pribadine ing novel Korrie Layun Rampan Upacara (A Structural Study with Behavior Psychology)." Ing panaliten, Arif nyatake yen ing Upacara Upacara ana faktor sing nuduhake pengaruh lingkungan marang psikologi karakter lan latar belakang crita. Prilaku karakterku ing novel ceremonial dibentuk adhedhasar pangaruh lingkungan, budaya, lan uga sistem kepercayaan. Karakterku banget cedhak marang lingkungane lan nduweni hubungan sosial karo wong desa Rinding lan nemu kosakata pribadine utawa prilaku masarakat desa Rinding, utamane saka adat istiadat sing dumadi ing wilayah kasebut.

Ing Indonesia, panaliten nggunakake studi ekokritis isih relatif cilik. Ekokritik kasebut minangka ilmu sing relatif anyar lan berkembang. Juliasih K, nлити kanthi nggunakake prinsip ekokratis kanthi judhul Human and Environment ing Novel Life In The Iron Mills dening Rebecca Hardings Davis. Riset iki nuduhake perlu tumindak adhedhasar prinsip-prinsip moral minangka pambiji ing kawicaksanan sosial, politik lan ekonomi minangka respon kerusakan lingkungan sing ana ing novel kasebut.

Panaliten sadurunge yaiku referensi kanggo sinau iki. Panaliten iki nduweni hubungan langsung utawa ora langsung karo panliten iki. Langsung, studi liyane sing wis diterangake sadurunge duwe kamiripan ing loro tema (Ekokritik), lan padha saka penulis (Korrie). Panaliten menika mendhet objek kajianipun saking satunggaling novel kanthi irah-iraham Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Tg. Yasawidagwa.

C. Pitakenanipun Panaliten

Pitakenanipun ing panaliten menika inggih kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi wujudipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda?
2. Kadospundi wujud andharanipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda?